

**152** *Ou se fòs nou, ou se espwa nou  
e nou kwè nan ou*  
(Pwovèb 14:26)

1. O Jewova, ou vrèman renmen'n,  
ou ban'n yon esperans.  
Li trè bèl, nou vle pataje'l  
ak anpil dilijans.  
Men, pafwa enkyetid lavi a  
konn fè dout vle anvayi'n.  
Espwa sa' ki te byen klere  
konn vin sonm nan lavi'n.

*(REFREN)*

*Ou se fòs nou, espwa'n,  
e nou kwè nan ou.  
Ou fè'n jwenn tout sa nou manke.  
Lè n'ap preche moun yo,  
nou met kran sou nou,  
paske se sou ou nou konte.*

2. O Jewova, ede nou tanpri.  
Nou vle sonje sa'w fè:  
Ou toujou la pou fòtifye'n  
nan pwoblèm, nan malè.  
E èd ou ban nou pou'n rejwenn fòs  
fè espwa nou vin briye,  
Paske ou fè'n vin gen kouraj  
pou'n fè konn non'w, Bondye.

*(Refren)*